# waxal, Allaahuma ihdinii wa saddidnii, waskur bilhudaa hidaayataka attariixa, wassadaadi sadaada assahmi

Jële nañu ci Aliyun yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne : Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na ma: «waxal, Allaahuma ihdinii wa saddidnii, waskur bilhudaa hidaayataka attariixa, wassadaadi sadaada assahmi».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa digal Aliyun Ibn Abii Taalib yal na ko Yàlla dollee gërëm mu ñaan Yàlla laaj ko, mu wax ne: (yaw sama Boroom gindi ma) jubal ma def ma may ku jub ci mbooleem samay bir. Jub: mooy xam dëgg cig faramfacce ak cig lëm, ak ug am tawfeex ci topp ko ci lu feeñ ak lu nëbbu. Jub ga mooy: am tawfeex ak ug jub ci mbooleem bir yi ci mu nekk lu tege ci ag dëgg, te mooy yoon wa jub kocc ci wax ak jëf ak pas-pas. Ba nga xamee ne mbir yi day leere ci yëg-yëg kon nanga xalaatal fekk ne yaa ngi ñaan ñaan gii ci ne: (njub ga: mooy sag jubal ca yoon wa) teewalal sa xol fekk yaa ngi laaj ak njub niki njubug aji-tukki ji, moom de du bàyyi yoonam mukk; ndax mu mucc ba du réer daldi àgg famu jëm si lu gaaw. (jam ga: mooy jamug fett ga) yaw da ngay seetlu ba ngay jam fett ga ci ni muy gaaw a egge ak ni muy jame jubluwaay ba, kiy sànni bu sànnee la mu jublu day jubal fett gi mu jëm ca la muy sànni niki noonu it dangay ñaan Yàlla mu kawe mi la nga yéene ci jub muy niróok fett gi; bu ko defee nga nekk ci ñaan gi di aji-sàkku jeexantalu jub ga, ak mujjanteelu jam ga. Teewalal maanaa mii ci sa xol ndax nga ñaan Yàlla ag njub ngir li nga yéene ci loolu niróok li sànnikat bi di jëfandikoo.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee